

**LARA LAPA SAJRONE NOVEL SUMI ANGGITANE TIWIEK S A  
(Tintingan Sosiologi Sastra)**

**RIZKY PUTRA KESUMA**

S-1 Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[rizputra09@gmail.com](mailto:rizputra09@gmail.com)

**Dra. Hj. Sri Sulistiani, M.Pd.**

Dhosen Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

**ABSTRAK**

Novel kanthi irah-irahan *Sumi* iki nyritakake kahanan lara lapa kang disandhang dening paraga sajrone crita. Sajrone novel *Sumi* anggitane Tiwiek S A iki ana prakara-prakara sosial kang ndadekake paraga sajrone novel *Sumi* iki nandhang lara lapa. Kahanan sosial awujud lara lapa bisa dionceki nganggo tintingan sosiologi sastra.

Adhedhasar andharan kasebut underane panliten yaiku; (1) Kepriye kahanan lara lapa sajrone novel *Sumi*?; (2) Kepriye sebabe lara lapa sajrone novel *Sumi*?; (3) Kepriye upaya kanggo ngrampungke lara lapa sajrone novel *Sumi*?; (4) Kepriye gayutane lara lapa sajrone novel *Sumi* anggitane Tiwiek S A karo realitas sosial sajrone bebrayan? Mula ancane panliten iki; (1) Ngandharake kahanan lara lapa; (2) Ngandharake sebabe lara lapa; (3) Ngandharake upaya kanggo ngrampungke lara lapa; (4) Ngandharake gayutane lara lapa karo realitas sosial sajrone bebrayan. Paedah saka panliten iki yaiku; (1) Bisa nambahi kawruh sajrone pengkajian karya sastra; (2) Bisa menehi sumbangsih tumrap ilmu sastra Jawa modern ngenani sosiologi sastra; (3) Bisa kanggo bahan tetimbangan uga bahan pembedhingan sajrone nindakake panliten kang nggunakake tintingan sosiologi sastra.

Panliten iki nggunakake tintingan sosiologi sastra lan Watt, kang ngandharake yen sosiologi sastra minangka kaca benggala kanggo masyarakat, sing diteliti yaiku sepira adohe sastra njlentrehake urip kang ana sajrone masyarakat, lan nduweni fungsi sosial sastra, sing diteliti yaiku sesambungan antarane nilai-nilai sosial kang nduweni daya pangaribawa tumrap karya sastra. Metode panliten iki nggunakake dheskriptif kualitatif. Sumber dhata kang digunakake yaiku dhata primer kang arupa novel kanthi irah-irahan *Sumi*, dene dhata sekunder yaiku artikel kang gayut karo kahanan lara lapa. Dhata sing digunakake sajrone panliten iki arupa tetembungan, ukara, wacana kang ana ing novel *Sumi*, banjur tata cara kanggo ngumpulake dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku teknik studi pustaka.

Asile panliten iki (1) Ngandharake kahanan lara lapa, kayata durung bisa mbayar es-pe-pe, dikunjara; (2) Ngandharake sebabe lara lapa kayata faktor Indhidividhu (sikap, pendhidhikan, lan ekonomi), faktor sosial (difitnah lan diapusi wong liya); (3) Ngandharake upaya kanggo ngrampungke lara lapa, kayata ngadol dhipan, golek utangan, lan minggat; (4) Ngandharake gayutane lara lapa sajrone novel karo realitas sosial sajrone bebrayan.

Tembung wigati : Lara lapa, Sosiologi, Sosiologi Sastra.

**PURWAKA**

**LELANDHESANE PANLITEN**

Manungsa mujudake makhluk sosial kang urip bebarengan lan mesthi mbutuhake liyan. Mula saka kuwi manungsa kudu bisa srawung, ngregani, lan tulung tinulung menyang liyan. Ing urip bebrayan kebak kedadeyan sosial kang mujudake fenomena sosial. Fenomena sosial kasebut bisa arupa kahanan sosial, ekonomi, uga prakara-prakara utawa konflik kang ana ing masyarakat. Anane fenomena-fenomena sosial kasebut ndadekake pangripta mulis sawijine karya sastra. Sastra mujudake salah sawijining asil karyane manungsa, kang nduweni gegayutan karo panguripane manungsa ing bebrayan. Miturut Hutomo (1997:39) karya sastra mujudake asil pikiran lan rasa-pangrasane manungsa kanthi cara lisan lan tinulis, lumantar basa sing endah

miturut konteks. Karya sastra mujudake prodhuk budaya sing nggayutake kawasisane pangripta sajrone ngolah maneka warna kedadeyan sosial sing dumadi sajrone panguripan saben dina. Tuwuhe karya sastra amarga anane dhasar kekarepane manungsa kanggo nyuntak emosi, pangrasane, menehi kawigaten tumrap sapa-dha-padha, lan nuduhake gegambaran ngenani kanyatan. Sastra pancen ora bisa pisah saka panguripane manungsa.

Jinis-jinis karya sastra modheren akeh banget, kayata novel, cerbung, cerkak, roman lan sapanunggalé. Karya sastra mligine novel diripta dening pangripta kanthi tujuan kanggo dipahami, lan dimanfaatake jalaran karya sastra minangka bageyan saka perkarane urip, filsafat, lan ilmu Jawa. Sastra ora mung menehi kamareman batin nanging uga bisa kanggo sarana ngandharake pesen moral

marang pamaca lan mujudake karya seni sing digunakake kanggo nyenengake pamaca.

Novel mujudake salah sawijine bentuk karya sastra sing bisa kanthi bebas ngandharake kahanan sing dialami manungsa kanthi saperangan aturan lan norma-norma sing ana ing sakiwa-tengene manungsa, mula sajrone karya sastra novel nduweni makna tartamtu ngenani panguripane manungsa. Sajrone novel, kanggo ndadekake critane luwih urip lan katon nyata memper karo kahanan bebrayan, mula novel mesthi ngemot perkara-perkara sing dumadi sajrone karya sastra, kayata katresnan, lara lapa, konflik sosial, status sosial lan sapanunggalane.

Sawijining novel Jawa kang narik kawigaten yaiku novel kanthi irah-irahan *Sumi* sing diripta dening Tiwiek SA. Novel kasebut kalebu cerbung lawas sing dipaesi lan dibukokake, banjur diterbitake ing wulan Agustus taun 2017. Tiwiek SA ngripta novel kasebut kanthi munjerake marang kahanan sosial, mligine ngenani lara lapa.

Novel kanthi irah-irahan *Sumi* narik kawigaten kanggo dianalisis jalaran ngandharake kahanan sosial kang ana ing bebrayan. Lara lapa mujudake rasa utawa kahanan sing ora nyenengake. Lara lapa bisa tuwuh awujud fisik lan awujud batiniah (Fakih sajrone Sofia, 2009: 17). Lara lapa mujudake kahanan pawongan sing lagi nandhang pacobane urip kayata, ora bisa nyukupi sandhang lan pangane, uripe sarwa kekurangan, lan sapanunggalane. Urip lara lapa nduweni sebab lan akibat, nanging sajrone urip lara lapa uga bisa dirampungake kanthi cara-cara tartamtu, cara sing becik kaya dene nuntasake pendhidhikan, nyambut gawe lan sapanunggalane.

Kahanan lara lapa mujudake salah sawijine gejala sosial. kanggo nлити gejala sosial kang ana sajrone novel iki, mula tintingan kang trep digunakake yaiku tintingan sosiologi sastra. Soekanto (2013:14) ngandharake yen sosiologi yaiku salah sawijine ilmu sing ndadekake masyarakat minangka objeke. Tintingan sosiologi sastra sing ditengenake ing panliten iki yaiku tintingan sosiologi sastra Ian Watt, mligine ing perangan sastra minangka kaca benggalane masyarakat. Ing kene tegese sastra minangka kaca benggalane masyarakat yaiku pemahaman tumrap karya sastra lan sesambungane marang masyarakat kang dadi lelandhesane. (Ratna, 2011:2). Saka andharan kasebut, mula irah-irahan sajrone panliten iki yaiku *Lara Lapa sajrone Novel Sumi Anggitane Tiwiek SA (Tintingan Sosiologi Sastra)*. Sangertine panliti novel Sumi uga durung tau katintingi bab lara lapane kanthi aspek sosiologi sastra.

#### UNDERANE PANLITEN

Adhedhasar landhesan panliten mau, kang dadi underane panliten sajrone novel Sumi anggitane Tiwiek SA iki ana papat, yaiku:

- 1) Kepriye kahanan lara lapa sajrone novel Sumi?
- 2) Kepriye sebabe lara lapa sajrone novel Sumi?
- 3) Kepriye upaya kanggo ngrampungake lara lapa sajrone novel Sumi?

- 4) Kepriye gayutane lara lapa sajrone novel Sumi anggitane Tiwiek SA karo realitas sosial sajrone bebrayan?

#### ANCASE PANLITEN

Saka underane panliten kang wis diandharake mau, kang dadi ancase panliten novel Sumi anggitane Tiwiek SA yaiku:

- 1) Ngandharake kahanan lara lapa sajrone novel Sumi.
- 2) Ngandharake sebabe lara lapa sajrone novel Sumi.
- 3) Ngandharake upaya kanggo ngrampungake lara lapa sajrone novel Sumi.
- 4) Ngandharake gayutane lara lapa sajrone novel Sumi anggitane Tiwiek SA karo realitas sosial sajrone bebrayan

#### PAEDAHE PANLITEN

Panliten iki nduweni paedah kang diajab bisa migunani yaiku:

- 1) Panliten iki dikarepake bisa nambahi kawruh sajrone pengkajian karya sastra. Bisa kanggo ngrembakakake ilmu-ilmu pendhidhikan basa lan sastra Jawa, mligine sastra modern kang ngemot tintingan sosiologi sastra.
- 2) Bisa menehi sumbangsih tumrap ilmu sastra Jawa modern lan dikarepake supaya akeh kajian-kajian karya sastra Jawa modern ngenani sosiologi sastra
- 3) Tumrap piwulangan sastra mligine mahasiswa, bisa kanggo bahan tetimbangan nindakake panliten kang nggunakake tintingan sosiologi sastra. Bisa kanggo bahan pambandhing antarane panliten liyane sing wis ana sadurunge. Lan panliten iki bisa kanggo referensi tumrap panliten sabanjure kang bakal nggunakake teori sosiologi sastra.

#### WEWATESANE TETEMBUKUNGAN

Wewatesane tetembungan sajrone panliten iki bisa kababar ana ing ngisor iki:

- 1) Lara Lapa  
Lara lapa mujudake rasa utawa kahanan sing ora nyenengake. Lara lapa bisa tuwuh awujud fisik lan awujud batiniah (Fakih sajrone Sofia, 2009: 17).
- 2) Novel  
Novel yaiku gancaran kang critane sambung-sinambung babagan uripe sawijine wong karo wong sakiwa tengene kanthi ngutamakake watak lan sipat paragane (Sudaryanto dkk, 2001:217). Novel minangka wujud crita fiksi sing anyar. Novel nduweni titikan yaiku paraga utamane nduweni nasib kang anyar, saliyane iku sajrone novel uga ana: (1) owahe nasib saka paraga crita, (2) ana saperangan babak sajrone urip paraga utamane, (3) biasane paraga utama ora nganti mati (Waluyo, 2011:5-6).
- 3) Sosiologi Sastra

Miturut Ratna (2011:1) sastra kedadean saka tembung Sansekerta *sas* lan *tra*. *Sas* nduweni teges nuntun, mulang, lan menehi pituduh, dene *tra* nduweni teges sarana utawa piranti. Dadi tegese yaiku piranti kanggo mulang. Sosiologi sastra yaiku ilmu ngenani panguripane masyarakat sing objek tintingane awujud kanyatan sosial, teges sosial, lan tumindak sosial sing nuduhake anane sesambungan interaksi sosial sajrone masyarakat.



## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Panliten Sadurunge kang Saemper

Sadurunge panliten iki kalaksanan ana panliten kang saemper kang wis ditindakake, tuladhane:

1) Resti Irganis Kresna (2016) kanthi irah-irahan *Status Sosial Sajrone Novel Pinatri ing Teleng Ati Anggitane Tiwiek SA (Tintingan Sosiologi Sastra)*. Asil saka panliten iki ngandharake gegambarane status sosial ing novel *Pinatri ing Teleng Ati*, panguripane wong cilik, panguripane priyayi, lan owah-owahan status sosial sajrone *Pinatri ing Teleng Ati*.

2) Elis Novianti (2016) kanthi irah-irahan *Konflik Sosial Sajrone Cerbung Tikus Bangkok Anggitane Adinda AS (Tintingan Sosiologi Sastra)*. Asil panliten iki ngandharake konflik-konflik sosial kang meh memper karo gambaran kedadeyan ing kasunyatan sajrone bebrayan. Ana telung bab kang diandharake, kaya dene gegambarane konflik sosial novel *Tikus Bangkok* yaiku ngenani konflik karo masyarakat, dhiri pribadhi lan sapanunggalane. Sing kaloro panyebab lan cara mungkasi konflik sosial kasebut, lan ngandharake nilai-nilai sing ana sajrone novel *Tikus Bangkok*.

3) Herlina Dwi P.S (2016) kanthi irah-irahan *Kritik Sosial Sajrone Novel Ing Satengahe Alas Brongkos Anggitane Tiwiek SA (Tintingan Sosiologi Sastra)*. Asil panliten iki ngandharake apa wae kritik sosial sajrone novel *Ing Satengahe Alas Brongkos* lan gegayutan kritik sosial sajrone *Ing Satengahe Alas Brongkos* klawan kanyatan.

4) Nabella Intan Permatasari (2015) kanthi irah-irahan *Purik Sajrone Cerbung Omah Anggitane Widodo Basuki (Tintingan Sosiologi Sastra)*. Asil panliten iki ngandharake gegambarane purik, paraga lan pamaragan, lan gegayutane purik ing cerbung omah karo kanyatan ing bebrayan.

Panliten iki padha karo panliten-panliten sadurunge kang nggunakake tintingan sosiologi sastra. Kang dadi pambeda antarane panliten iki lan panliten sadurunge saka sumber dhata, lan perkara sing dirembug sajrone panlitene. Objek utawa sumber dhata sing dijupuk ing panliten iki minangka karya sastra modern arupa novel kanthi irah-irahan *Sumi*. Saliyane kuwi ing panliten iki bakal ngandharake kahanan lara lapa, sebabe lara lapa, upaya kanggo ngrampungsi lara lapa, lan gayutane lara lapa sajrone novel *Sumi* karo realitas sosial.

### Masyarakat lan Sastra.

Ratna (2011:333) ngandharake yen sastra nduweni sambung rapet karo masyarakat, yaiku (1) sastra ditulis dening pangripta, dicritakake dening tukang crita, lan disalin ening tukang nyalin. Pangripta, tukang crita lan tukang nyalin mujudake peranan saka masyarakat; (2) sastra urip ing masyarakat saengga njupuk peranan panguripane masyarakat; (3) sastra ngemu peranan kawruh, kaendahan, lan piwulang sing kabeh nduweni sesambungan karo masyarakat, lan (4) sastra nuduhake hakikat *intersubjektivitas* yaiku masyarakat nemokake citrane ing karya sastra.

Sastra mujudake gambaran panguripan sing diripta lumantar medhia tulisan. Ana gegayutane kang raket antarane sastra lan panguripane masyarakat, amarga sastra nduweni fungsi sosial sastra yaiku crita sajrone

karya sastra kajupuk saka panguripane masyarakat (Semi, 1989:56). Saliyane kuwi, karya sastra mujudake *ekspresi* jiwa pangripta, kaca benggala tumrap masyarakat, alat kanggo perjuwangan sosial, alat kanggo ngandharake *aspirasi-aspirasi* lan nasib pawongan sing tertindas, lan ngandharake nilai-nilai kanggo msyarakat.

### Novel

Novel kalebu crita fiksi. Karya fiksi nduweni paraga-paraga tartamtu kang dipilih dening pangripta lan ditemtokake watake, nduweni latar crita, lan rerencene crita saka asil pamikiran pangripta saengga bisa dadi sawijine crita (Aminuddin, 2004:66). Novel asale saka tembung *novellus* utawa *novies* sing tegese anyar. Sacara harfiah *novella* tegese barang anyar sing cilik banjur ditegesi kanthi crita cekak kang awujud prosa (Abrams sajrone Nurgiyantoro, 2010:9). Crita sajrone novel maneka warna, gumantung tema kang dadi lelandhesane crita.

Novel miturut Hidayati (2009:22) diperang dadi lima, yaiku adhedhasar wangun andharan, jinis pamilihan wrangka, isi mujudake tegese crita, sipat kang mbedakake teks siji lan sijine, sarta struktur kang ngemot unsur-unsur kang mbangun novel kasebut. (1) Adhedhasar wangune, yen novel diwujudake sajrone karangan prosa, lan ora nutup kamungkinan yen novel nduweni unsur puitik sing mlebu sajrone unsur-unsur basa kang digunakake. (2) Dideleng saka jinise, jinise novel yaiku narasi utawa crita, amarga sajrone novel luwih nengenake unsur critane sajrone nggambarake para paragane. (3) Kalisik saka isi novel biasane nengenake gambaran panguripan lair batine paraga sajrone tumindak ing masyarakat. (4) Novel nduweni titikan fiktif utawa ora nyata. (5) Novel mujudake karya sastra kang nduweni struktur, lan struktur sing utama yaiku plot, paraga, lan prastawane (Hidayati, 2009:22). Saka panemu saperangan ahli kasebut, mula bisa didudut yen novel mujudake karya fiktif utawa karya ora nyata sing imajinatif kang nyritakake perkara-perkara panguripane paraga.

### Sosiologi

Sosiologi asale saka rong tembung yaiku *socius* (saka basa Latin) kang nduweni teges “kanca” lan *logos* (saka basa Yunani) kan diteges “ilmu ngenani”. Kanthi ilmiah sosiologi ateges “ilmu ngenani kekancan”. Sajrone pamawas iki sosiologi bisa ditegesi minangka “ilmu ngenani dhasar-dhasar klompok sosial (masyarakat)”. Sosiologi mujudake analisis ngenani trap-trapan sesambungan sosial kang prosese lumantar cecaturan sosial (Abercrombie sajrone Kurniawan, 2012:4).

Miturut pamawase Ratna (2011:01) sosiologi iku ngenani asal muasal pangrembakane bebrayan, kaawruh kang nynaoni sesambungan antarane manungsa sajrone masyarakat ing bebrayan kang asipat umum lan nyata. Masyarakat minangka pawongan kang urip satengahing bebrayan lan ngasilake kabudayan. Sosiologi bakal nyinaoni bebrayan, tindak tanduke bebrayan, lan tindak tanduk sosial manungsa kanthi ngawasi tumindak klompok kang diwangun. Sosiologi minangka ilmu kang nyinaoni panguripane bebrayan kang nduweni sipat *kritis*, *skeptis*, lan *sistematik*. Sosiologi minangka ilmu sosial kang objeke masyarakat, nduweni titikan utama yaiku: (1) sosiologi

kang asipat empiris, yaiku ilmu kang adhedhasar analisis tumrap kanyatan ing bebrayan; (2) sosiologi kang asipat teoritis, yaiku ilmu kasebut ana kanggo nyusun abstraksi saka asile pangamatan; (3) sosiologi asipat kumulatif, yaiku teori-teori sosiologi disusun adhedhasar teori-teori kang wis ana; (4) sosiologi kang asipat non-etis, yaiku bab sing dadi perkara dudu apik orane kanyatan tartamtu, nanging tujuwane yaiku kanggo ngandharake kanyatan kasebut kanthi cara analisis (Soekanto, 2013:13).

### **Sosiologi Sastra**

Miturut Ratna (2011:1) sastra kedadean saka tembung Sansekerta *sas* lan *tra*. *Sas* nduweni teges nuntun, mulang, lan menahi pituduh, dene *tra* nduweni teges sarana utawa piranti. Dadi tegese yaiku piranti kanggo mulang. Semi (1989:52) ngandharake yen sosiologi yaiku ilmu sing njlentrehake ngenani manungsa sajrone masyarakat, lembaga, lan proses sosial. Sosiologi ngandharake masyarakat minangka perangane lembaga sing nuduhake anane interaksi antarane manungsa. Kanthi teges sosiologi kasebut bisa didudut yen sosiologi yaiku ilmu ngenani panguripane masyarakat sing objek tintingane awujud kanyatan sosial, teges sosial, lan tumindak sosial sing nuduhake anane sesambungan interaksi sosial sajrone masyarakat. Sejatine sosiologi nyinaoni bab panguripane manungsa. Sosiologi sastra bisa diarani sawijining cabang panliten sastra sing digunakake kanggo kaca benggane masyarakat.

Ian Watt (sajrone Damono, 1978:3) uga ngandharake yen sosiologi sastra kaperang dadi telu, yaiku (1) Konteks sosial pangripta, kang ditliti yaiku status sosial pangripta, babagan sosial yaiku pakaryane pangripta, lan masyarakat kang dituju pangripta. (2) Sastra minangka kaca benggala kanggo masyarakat, kang ditliti yaiku sepira adohe sastra njlentrehake urip kang ana sajrone masyarakat. (3) Fungsi sosial sastra, kang ditliti yaiku sesambungan antarane nilai-nilai sosial utawa nilai-nilai sosial kang nduweni daya pangaribawa tumrap karya sastra.

Panliten iki nggunakake teori kang kapindho yaiku mawas karya sastra (*Novel Sumi*) minangka kaca benggala kanggo masyarakat. Kang ditliti yaiku sepira adohe sastra njlentrehake urip lan panguripane manungsa ing masyarakat.

### **Lara lapa**

Lara lapa nduweni teges ngrasakake kahanan sing ora nyenengake ati (Fakih sajrone Sofia, 2009: 17). Jaman saiki panguripane manungsa ora luput saka perkara-perkara kang njalari anane lara lapa. Bab kasebut mujudake resiko urip. Gusti menahi kesenengan marang manungsa, nanging uga menahi lara lapa sing nduweni maksud tartamtu tumrap panguripane manungsa. Lara lapa tuwuh amarga kahanan urip sing sarwa kurang. Kahanan kasebut bisa awujud pengalamane pawongan sing ora nyenengake, jalaran rumangsa bisa dilarani lan rumangsa yen dhiri pribadine ana ing bebaya. Saliyane kuwi uga bisa njalari anane tumindak-tumindak kayata, penindhasan, lan tumindak ala liyane. Lara lapa mujudake pangiling-ngiling kanggo manungsa, supaya bisa luwih bersyukur lan luwih bisa legawa nampa kahanan sing ana.

Urip neng ndonya mesthi nampa pacoban urip saka Gusti, nanging kita kudu bisa nyikapi kahanan kasebut kanthi becik.

Lara lapa yaiku bageyan panguripane manungsa sing asipat kodrat. Mula saka kuwi gumantung manungsane kepriye caran nyikapi kanggo ngurangi kahanan kasebut. Manungsa mujudake makhluk kang berbudaya, kanthi kabudayane dheweke kudu ngupaya ngrampungake lara lapa kang dialami. Bab kasebut, ndadekake manungsa *kreatif*, tumrap dhiri pribadi lan pawongan liya (Ross, 1969:111). Saka andharan kasebut lara lapa mujudake kahanan utawa pengalamane pawongan kang ora nyenengake sing dirasa marang panca indra utawa pangrasa kayata luwe, ngelak, kurang turu, lemes, lara ati, lan sapanunggalane. Mula saka kuwi lara lapa mujudake sakabehe pangrasa utawa pengalaman ala kang dialami pawongan. Lara lapa kang dialami pawongan bisa dadi *motivasi* kanggo nuwuhake semangat utawa langkah awal kanggo nggayuh kanikmatan uga kamulyan. Saliyane kuwi bisa ndadekake manungsa luwih bersyukur marang Gusti.

### **Sebab lan Akibat Lara lapa**

Panyebab lara lapa sajrone panguripane manungsa bisa dumadi ing peranan apa wae kayata, pranata sosial, politik, ekonomi, pribadhi, lan budaya. Faktor pribadhi, sosial, lan ekonomi yaiku panyebab kang paling gedhe tuwuhe lara lapa, amarga kahanan sosial sing ora becik ndadekake pawongan bisa nglakoni tumindak kang ora becik.

Sebab dumadine lara lapa bisa diperang dadi telu, yaiku: (1) lara lapa kang tuwuh amarga lelara. Manungsa ngrasakake utawa pikantuk lelara mujudake lara lapa. Kahanan kasebut bisa uga dumadi saka lelara utawa azabe Gusti. Lelara mujudake lara lapa kang dialami langsung sacara fisik. Nanging, kasabaran, tawakal, lan *optimisme* mujudake upaya manungsa kanggo ngilangi lara lapane. (2) lara lapa kang tuwuh amarga tumindake wong liya. Kahanan lara lapa uga bisa kita alami amarga tumindake liyan. Tuladhane, ana pawongan sing nduweni kekurangan sajrone dhiri pribadine amarga kakurangan kasebut ndadekake dheweke diadohi pawongan ing sakupenge. Kahanan kasebut bisa digolongake minangka lara lapa sacara *psikis* utawa kajiwan. (3) lara lapa kang tuwuh amarga dhiri pribadhi. Kahanan iki uga bisa kita alami amarga tumindake dhewe

### **Upaya Nyikapi Lara lapa**

Lara lapa mujudake kahanan sing ora nyenengake. Kanggo nyikapi lara lapa manungsa kudu nerusake lakune. Ora bisa yen mung masrahake uripe marang gusti, ananging kudu ana upaya supaya uripe luwih kepenak. Miturut (Sofia, 2009:52-59) sikap lan tumindak sing kudu dlakoni supaya bebas saka kahanan lara lapa yaiku kanthi cara diwenahi pemahaman lan diwenahi kesempatan kanggo ngungkapake pendapat. Ross (1969:111) mbagi 3 upaya kanggo nyikapi lara lapa, yaiku:

#### **1) Nesu**

Pawongan sing lagi nandhang prakara biasane nduweni sikap sing sensitif, ora bisa diganggu, lan rasa



egoise gedhe. Sikap sing paling onjo yaiku nesu. Rasa nesu asring dilakoni dening pawongan sing lagi nandhang prakara, marga pawongan kasebut rumangsa nyangga beban sing abot sajrone uripe.

2) **Acceptance** utawa Nriman

Pawongan sing ngalami lara lapa luwih bisa nrima kahanane. Anane mung pasrah marang Gusti. Nriman mujudake yen pawongan kasebut sadhar dhiri marang apa sing dialami lan ngerti cara nyikapi kahanan kasebut. Ross (1969:200) ngandharake sikap nriman tuwuh yen pawongan kasebut bisa ngadepi kanyatan sing dialami tinimbang putus asa ora nglakoni tumindak apa-apa. Tumindak iki mujudake rasa syukur marang Gusti.

3) Ngupaya

Nglakoni upaya kang ngasilake samubarang, bisa nuwuhake rasa kamareman. Ngupaya bisa ndadekake pawongan kanggo nggayuh kasuksesan.

### **Landhesane Teori**

Panganggone teori minangka landhesan kanggo nganalisis sawijine bab kang ora bisa ditinggalake amarga teori kasebut kang bakal dadi ancer-ancer panliten kang bakal ditinggalake. Lelandhesan teori kang bakal digunakake sajrone panliten iki yaiku studi tekstual kanggo ngonceki aspek sosiologis reriptan sastra. Objek kang dinggo minangka punjere panliten iki yaiku sawijine karya sastra kanthi judul *Sumi*. Saliyane kuwi, tintingan struktural uga diperlokake kanggo nganalisis karya sastra kasebut. Pamarekan iki dinggo saperlu ngonceki unsur intrinsik kang mangun karya sastra mligine paraga lan alur. Teori sosiologi sastra kang digunakake yaiku teori sosiologi sastra kanthi konsep kang dijlentrehake dening Ian Watt. Teori iki digunakake kanggo nggayutake wujud lara lapa karo realitas sosial bebrayan.

Lara lapa sajrone novel *Sumi* iki cundhuk karo teorine Ian Watt, yaiku sastra mingka kaca benggalane bebrayan masyarakat. Tintingan sosiologi sastra Ian Watt kang bakal digunakake sajrone panliten iki bakal diajab bisa menehi wangsulane saka underane panliten lan bab-bab liya kang kepengin diwedharake liwat panliten iki.

### **METODHE PANLITEN**

Metode panliten mujudake perangan kan wigati sajrone panliten. Mula supaya asil panliten bisa dipertanggung jawabake kanthi ilmiah, bakal dirembug ngenani ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, tata cara ngumpulake dhata, instrumen panliten lan teknik analisis dhata.

#### **Ancangan Panliten**

Ancangan panliten mujudake salah sawijine trap-trapan sadurunge panliten kalaksanan, amarga ancangan panliten mujudake panuduh sing bisa menehi ancer-ancer ngenani panliten kang bakal ditindakake. Metodhe sing digunakake yaiku metodhe dheskriptif lan jinis panlitene yaiku panliten kualitatif.

#### **Sumber Dhatane Panliten**

Miturut Moleong (2012:157) ngandharake yen sumber dhata sajrone panliten cacah ana loro, yaiku sumber dhata primer lan sumber dhata sekunder. Sumber dhata primer yaiku sumber dhata kang langsung menehi

dhata tumrap panliten, dene sumber dhata sekunder yaiku sumber kang ora langsung menehi dhata marang panliti. Cundhuk karo andharan kasebut, sumber dhata kang digunakake sajrone panliten iki kaperang dadi loro, yaiku sumber dhata primer lan sekunder. Sumber dhata primer yaiku novel kanthi irah-irahan *Sumi* anggitane Tiwiek SA. Sumber dhata sekunder yaiku *artikel-artikel* sing nyengkuyung crita sajrone novel *Sumi* kanthi nggunakake tintingan Sosiologi Sastra. Mula, artikel-artikel kasebut kudu nyengkuyung lan kudu ana sesambungan karo lara lapa. Ora mung buku-buku wae kang bisa dadi sumber dhata sekunder nanging uga bisa awujud asil panliten, artikel lan sapanunggal.

#### **Dhatane Panliten**

Dhata sajrone panliten cacah ana loro, yaiku dhata primer lan dhata sekunder. Dhata primer yaiku dhata kang langsung menehi dhata tumrap panliten, dene dhata sekunder yaiku sumber kang ora langsung menehi dhata marang panliti. Cundhuk karo andharan kasebut, dhata primer kang digunakake sajrone panliten iki yaiku novel kanthi irah-irahan *Sumi* anggitane Tiwiek SA, dene dhata sekunder yaiku *artikel-artikel* sing nyengkuyung. Dhata sing digunakake sajrone panliten iki arupa tetembungan, ukara, wacana, solah bawane paraga, kang ana ing novel *Sumi*. Kabeh wujud tembung, frasa, lan ukara-ukara didadekake sawijining bukti kanggo ndhudhah perkara kang ana sajrone panliten iki kang nggambarane lara lapa sajrone novel *Sumi*.

#### **Tata Cara Ngumpulake Dhata**

Tata cara kanggo ngumpulake dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku teknik studi pustaka. Teknik studi pustaka minangka teknik pangumpulane dhata kang kajupuk saka pirang-pirang sumber kang uga gegayutan karo isining panliten.

#### **Teknik Studi Pustaka**

Langkah studi pustaka sajrone panliten iki yaiku:

- 1) Maca novel *Sumi* anggitane Tiwiek SA kanthi dibolan-baleni, supaya bisa mangerteni isine novel kasebut.
- 2) Teknik inventarisasi dhata, teknik iki kanthi cara ngumpulake sumber-sumber kapustakan kang relevan karo ancasing panliten. Wujud sumber dhata sajrone panliten iki arupa tembung-tembung-tembung, ukara-ukara utawa paragraph kang gegayutan karo underane panliten.
- 3) Teknik klasifikasi dhata, teknik kanthi cara nggolongake dhata kang wis dikumpulake kang gegayutan karo lara lapa sing ana ing novel *Sumi*. Dhata sing ora laras karo underane panliten ora digunakake.

#### **Instrumen Panliten**

Instrumen dhata kang digunakake sajrone panliten sastra ditindakake dening panliti. Jalaran panliti nduweni pangribawa kang wigati sajrone nindakake panliten kasebut. Panliti minangka instrument kang nemtokake dhata kanthi disengkuyung karo pulpen, petelot, buku, lan sapanunggal kang dienggo nulis dhata kang ana.

## **Tatacara Analisis Dhata**

Tata cara analisis dhata sajroning panliten iki yaiku:

- 1) Nganalisis dhata kang ana gegayutane karo kahanan lara lapa sajrone novel *Sumi* anggitane Tiwiek SA.
- 2) Nganalisis upaya kang ditindakake nalika ngalami lara lapa sajrone novel *Sumi* anggitane Tiwiek SA.
- 3) Nganalisis gegayutane lara lapa sajrone novel *Sumi* karo realita sosial ing masyarakat
- 4) Nulis dhata asile panliten saka asil nganalisis novel.
- 5) Revisi
- 6) Mresentasekake asile panliten.

## **ANDHARAN ASILE PANLITEN**

### **Kahanan Lara Lapa sajrone Novel *Sumi* Anggitane Tiwiek S**

Maneka warna kahanan lara lapa sajrone novel *Sumi* kang bakal diandharake ing bab panliten iki, ing antarane: 1) durung bisa mbayar SPP, 2) lan dikunjara.

#### **1) Durung Bisa Mbayar SPP**

SPP yaiku *Sumbangan Pembinaan* Pendhidhikan. SPP nduweni tujuwan kanggo mbiyantu proses pasinaon. Dhuwit kang dibayarake wis ditemtokake dening sekolah, (Hamdan, Isa, 2013. <http://softwarespp.com/pengertian-spp-sekolah-terlengkap/>).

Sumi mujudake bocah wadon kelas telu SMP sing ayu lan pinter, nanging uripe sarwa kekurangan amarga wong tuwane Sumi dudu pawongan sing sugih bandha lan donya. Nyambut gawene ya serabutan. Mula saka kuwi dheweke kaancam ora bisa melu EBTA yen durung nglunasi SPP sing wis nunggak telung sasi. EBTA yaiku *evaluasi belajar tahap akhir*, tegese yen rampung EBTA bisa lulus sekolah. Kamangka paraga Sumi iki kepengin bisa melu EBTA, lulus banjur nerusake sekolah keguruan. Kabukti saka pethikan iki:

“Nek pengin isa melu *EBTA*, kudu nglunasi es-pe-pe nganti tekan sasi Mei. Diparingi wektu nganti tanggal sepuluh! Nek tanggal sepuluh iki meksa ra isa nglunasi, ngendikane kepeksa ra entuk ndherek *EBTA*!” (SUMI, 2017:2)

Pethikan kasebut ngandharake yen paraga Sumi uwis didukani kepala sekolah. Dheweke kudu nglunasi SPPne nganti tanggal sepuluh sasi Mei yen kepengin bisa melu EBTANAS. Kepala sekolah duka amarga amung Sumi sing durung nglunasi SPP, saliyan kuwi uga wis suwe anggone nunggak SPP, yen nganti ora bisa lunas ora bisa lulus sekolah. Sumi rumangsa isin karo kanca-kacane. Cita-citane sing kepengin mlebu neng sekolah keguruan utawa SPG bakalan siya-siya. Kabeh mau wis kalah karo kahanan ekonomi keluwigane Sumi. Sumi pancen bocah pinter lan sregep. Bijine kalebu apik, nanging sekolah uga ora bisa mbiyantu mbiyayani SPP ne sing wis nunggak pirang-pirang sasi. Sejatine wong tuwane wis mangerteni kahanan kasebut, nanging kahanan ekonomine sarwa kurang. Dienggo mangan saben dinane wae kurang apa maneh dienggo mbayar SPP sekolahe Sumi.

#### **2) Dikunjara**

Kunjara yaiku bangunan kanggo ngurung pawongan sing nduweni ukuman. kunjara mujudake bangunan sing dibangun dening negara minangka lembaga kanggo

ngukum pawongan sing nganggar pasal-pasal sing dadi aturane Negara. Ukuman sajrone kunjara ana ukuman selawase urip lan ukuman sawetara. Saliyan kuwi uga ana ukuman kurungan, ukuman iki ana amarga nglakoni tumindak kejahatan sing ringan (Saturia, Dani. 2013. (<http://danisaturia.blogspot.com/2013/03/definisi-penjara.html>)). Dikunjara mujudake kahanan sing ora nyenengake.

Pawongan sing biyasane dikunjara yaiku pawongan sing nglakoni tumindak kriminal utawa kadurjanan. Sajrone novel iki paraga sing dikunjara amarga tumindak sakarepe dhewe utawa *main hakim*. Pawongan sing tumindak kaya mangkono dilakoni dening Saidi, amarga ana salah paham, mula Sumi ditahan dhisik kanggo ngenteni Saidi mulih saka pasar. Andharan kasebut kabukti saka pethikan iki:

“Prekarane saya ngambra-ngambra! Sidin menehi keterangan ngene, Sumi menehi keterangan ngono! Endi sing bener? Nanging sing jelas, tumindak main hakim dhewe kuwi salah! Saiki ngene ae. Kabeh menyang kantor pulisi! Ben pulisi sing mutusi. Yu munir sampeyan wangsul mawon. Sawayah-wayah Kang Saidi dugi kapurih nyusul ten kantor pulisi. Dene Sumi tmot kula. Nek Kang Saidi mboten nyusul, Sumi mboten angsal wangsul. Kersane ten tahanan ngrika!” (SUMI, 2017:23)

Pak Lurah ora nemokake dalan kanggo prakarane kasebut. Pungkasane prakara kasebut digawa menyang kantor pulisi, dipasrahake pulisi kepriye penake. Pak Lurah mbelani Wak Markabi yen tumindak main hakim dhewe kuwi ora pener. Mula si Sumi kudu ditahan kanggo jaminan supaya Saidi teka menyang kantor pulisi. Dheweke kudu dikunjara amarga tumindak sing ngantemi Sidin. Kaputusanane Pak Lurah dirasa ora adil kanggo Sumi lan simboke. Miturut Sumi sing salah kuwi Sidin amarga ngrudapeksa dheweke. Mujure bapake enggal teka saengga tumindak kasebut ora nganti keblanjur. Prakara ngantemi Sidin kuwi minangka wujud rasa kuwatire bapake menyang dheweke. Ora salah yen bapake kepengin nglindhungi anake. Ngerteni keputusan sing kaya mangono Sumi mung bisa nangis.

### **Sebabe Lara Lapa Sajrone Novel *Sumi* Anggitane Tiwiek SA**

Sebab dumadine lara lapa bisa diperang dadi telu, yaiku: (1) lara lapa kang tuwuh amarga lelara. (2) lara lapa kang tuwuh amarga tumindak wong liya. (3) lara lapa kang tuwuh amarga dhiri pribadhi. Bab ngenani faktor-faktor sebab lara lapa kasebut bisa tinemu saka tumindak paraga-paraga sajrone novel *Sumi*. Paraga-paraga kasebut ngalami lara lapa jalaran nduweni ancas lan maneka warna faktor minangka panyengkuyunge. Umume faktor kang nyengkuyung kahanan lara lapa kasebut tuwuh saka dhiri pribadi (indhividhual), sosial, lan ekonomi. Faktor-faktor kasebut nduweni gegayutan antara siji lan sijine.

#### **1) Faktor Saka Dhiri Pribadhi (Indhividhual)**

Bab panliten iki ngrembug ngenani faktor indhividhual kang nyebabake dumadine urip lara lapa. Sesambungan karo aspek patalogis, faktor indhividhual kalebu kondisi fisik lan psikologis. Kahanan iki uga bisa



kita alami amarga tumindake dhewe. Tuladhane, ana pawongan kang nggunakake narkoba saengga dadi ketagihan lan ndadekake dheweke lara sacara *fisik* uga *psikis*.

Bab-bab panyengkuyung sebab lara lapa kang punjere saka dhiri pribadi indhividu kasebut bakal dijlentrehake. Faktor-faktor kang nduweni pangaribawa sing kuat ngenani sebab lara lapa mung winates sajrone novel *Sumi*. Faktor indhividhual kasebut yaiku:

#### **Faktor Sikap**

Sikap miturut Syamsudin (1997:10) yaiku patrap utawa tumindak sing katon lan diwujudake sajrone sesambungan karo bebrayan sosial. Sajrone sesambungan ana proses ngrespon, proses mempengaruhi lan proses dhaptasi karo bebrayan sosial.

Faktor sikap sing dimaksud yaiku kaya dene ngantemi bocah. Ngantemi bocah mujudake tumindak sing kurang becik, yen miturut hukum mujudake tumindak main hakim dhewe. Tumindak sing kaya mangkono nuwuhake prakara tumrap paraga sing nglakoni. Kaya dene Saidi sing ngantemi bocah. Saka tumindake kasebut ndadekake dheweke dipenjara. Andharan kasebut bakal dijlentrehake ing bab iki.

“Saidi muntab. Luwih-luwih bareng cetha pandulune yen pawongan sing ngurugajari anake kuwi Sidin. Tanpa mikir dawa, rambute Sidin dijambak mengguri kanthi ngeget. Isih ditambahi goco kapener rai. Dhes, cur... getih abang mancur saka irung lan cangkem. Sidin senggoyoran. Durung bae jejeg adage, dadak tungkak atos ndarat ing dhadhane. Heeek... Joko tanggung iku tiba kebanting, nyosop banyu megung, byurr...!!!” (SUMI, 2017:05)

Bisa dimangerteni saka pethikan kasebut, yen Saidi ngantemi Sidin. Tumindake kasebut amarga ana dhasare, yaiku merga Sidin ngurugajari anake sing lagi arep adus. Saidi minangka Bapak ora trima yen anake ilang kasucenane. Mula saka kuwi tanpa mikir dawa, tanpa mikir akibate dheweke langsung ngantemi Sidin nganti raine Sidin biru-biru, nganti irung lan cangkeme metu getihe, lan ndadekake Sidin semaput nyosop banyu.

#### **Faktor Pendhidhikan**

Faktor pendhidhikan iki dituwuhake sajrone karya sastra, ora mung ing kanyatan uripe manungsa, jalaran isi karya sastra biyasane njupuk saka kahanan ing sakiwa tengene pangripta. Kaya dene novel *Sumi* iki, pangripta nuwuhake faktor pendhidhikan kanggo paraga *Sumi*, supaya pamaca luwih bisa greget anggone maca novel kasebut. Saliyane kuwi kahanan kasebut bisa dadi kaca benggala tumrap pawongan sing maca. Yen ora nduwe dhuwit kanggo mbayar sekolah dalam kanggo ngrampungake dudu kanthi cara metu sekolah. Saliyane kuwi pamaca uga bisa mangerteni pendhidhikan kuwi kalungguhane wigati banget, tanpa ana pendhidhikan bakal asring diapusi dening pawongan sing pinter-pinter lan luwih nduweni kalungguhan dhuwur. Andharan ngenani faktor ekonomi sajrone novel *Sumi* bakal diandharake kanthi cuplikan-cuplikan teks iki:

“Maeng bocahe taren arep metu olehe sekolah.”

“Metu?! Gak! Gak entuk aku! Mandhak kari sak gongan ae kok dadak arep metu! Pa mbesuk kepenginn urip kecingkrangan kaya awakdhewe iki? Anane awake dhewe mlarat iki rak merga bodho! Gak rila aku Sumi dadi cah bodho!” tumanggape Saidi ngotot. (SUMI, 2017:04)

Faktor pendhidhikan kanggep bisa nemtokake masa depan sawijining pawongan. Kaya dene Saidi sing rumangsa urip kacingkrangan amarga biyen dheweke ora sekolah, lan dadi bodho ora ngerti apa-apa. Saliyane kuwi uga golek penggawean angel yen ora nduweni pendhidhikan sing dhuwur. Mula saka kuwi yen anake arep metu sekolah Saidi ora lila. Ora kepengin uripe anake ing tembe mburi kaya dheweke. Kaya ngapa kahanan anake kudu bisa namatake sekolah. Saiki Sumi wis kelas 3 SMP, sedhilut maneh lulus, yen arepe metu eman-eman.

#### **Faktor Ekonomi**

Faktor ekonomi mujudake faktor sing paling mangaribawani tuwuhe masalah sosial ing masyarakat. Faktor kasebut bisa saka asil upayane indhividhu sing ndadekake *kesenjangan* sosial ing masyarakat. Pawongan sing ora bisa nyukupi kabutuhan pokok kaya dene kabutuhan pangan, sandhang, papan, lan pendhidhikan bisa nuwuhake masalah sosial (Wardani, Sintya Ayu, 2018 (<https://materiips.com/faktor-penyebab-masalah-sosial>)).

Keluwargane Sumi mujudake kaluwarga sing kagolong ora mampu. Mula saka kuwi, tuwuh masalah sajrone masyarakat. Dheweke ora bisa nyukupi kabutuhan sekolah, amarga masalah ekonomi sing sarwa kurang. Andharan kasebut kabukti saka pethikan iki:

“Simboke angles. Ngenani kudu mbayar SPP nganti tekan sasi Mei iku jane wis dingerteni suwe. Awit pancen Sumi bola-bali kandha. Nanging kepriye maneh. Kanggo wragad mangan saben dinane bae wis rekasa. Oleh duwit sithik rong ithik pilih ditukokake gaplek. Ah, gara-gara ketiga dawa taun pungkur. Lemah sailat sing dijibake menehi asil, nyatane muspra. Tanduran pohung sing ora sepira ambane mati garing sadurunge kober ngoyot. Saengga gagal panen. Kanggo nyambung umur kepeksa banjur adol wedhus. Wedhus telu didol kabeh. Kamangka ing sakawit rencanane arep kanggo wragad sekolahe Sumi.” (SUMI, 2017:2)

Pethikan kasebut ngandharake yen ekonomine keluwargane Sumi pancen kurang. Simboke nelangsa jalaran dheweke ora bisa ngewangi nyambut gawe. Bisane mung neng omah masakake kanggo anak lan bojone. Uripe sarwa kacingkrangan. Tandhurane gagal panen lan milih adol wedhus kanggo nyambung urip saben dinane. Rencana kanggo nglunasi SPP ya mung angen-angen wae. Mula saka kuwi bapak kanthi bingung amarga wis kape entek jatah kalonggaran mbayar SPP nanging durung ana dhuwit turah. Mangan wae ora nate nganggo lawuh sing enak. Bisane ya mung tuku gaplek saben dinane. Masalah sing diadhepi Sumi yaiku ora bisa mbayar SPP, lan kaancam ora bisa melu EBTA. Kahanan kasebut tuwuh amarga ekonomine sing sarwa kurang.

## 2) Faktor Sosial (Tumindak Saka Pawongan Liya)

Miturut Salim (2002) Tembung sosial asale saka Basa Latin yaiku *socius* sing nduweni teges samubarang sing lair, lan ngrembaka sajrone urip bebarengan (Salim, 2002). Manungsa mujudake makhluk sosial sing kudu berinteraksi marang manungsa liyane. Mula saka kuwi ora luput saka prakara antarane manungsa siji lan sijine. Masalah sing njalari bisa uga amarga beda pamanggih, ora seneng merga luwih sugih utawa ora sugih, bisa uga dijalari ego kepengin menang dhewe, lan sapanunggal. Sajrone novel *Sumi* iki ana paraga sing nduweni sipat seneng mitnah lan ngapusi.

### Difitnah

Poerwadarminto (1968) ngartekake yen fitnah yaiku omongan kang nduweni tujuwan ngelek-elek wong liya kayata ngrusak jenenge wong lan sapanunggalane. Fitnah bisa nuwuhake prekara, kaya dene diadohi karo kaluwarga, masyarakat, kanca-kanca, lan sapanunggalane. Ana paribasan yen “fitnah luwih kejem tinimbang pembunuhan”, amarga fitnah kuwi diucapake saka lambene pawongan siji marang pawongan liyane.

Novel *Sumi* iki uga nyritakake paraga sing difitnah. Kanthi difitnah dheweke rumangsa kesiksa, jalaran diadohi kanca sekolah, masyarakat, lan keluargane. Ora ana sing percaya marang tumindak. Paraga kasebut yaiku Sumi. Dheweke wis ngandharake yen ora nglakoni tumindak sing kaya dituduhake, nanging pawongan liya ora percaya. Bapake dhewe uga ora percaya, saengga nuwuhake tekanan batin marang dhiri pribadine Sumi. Keluwargane lagi nandhang pacoban urip kanthi terus-terusan utawa diarani nandhang lara lapa. Wis dianggep mungkur prekarane bapake lan dheweke uga bisa mbayar SPP banjur tuwuh prekara anyar. Andharan kasebut kabukti saka pethikan iki:

“Dina-dina liniwatan tanpa ana kedadeyan apa-apa. Dadak nyandhak minggu kapindho, Sumi wiwit krasa anane owah-owahan. Kanca-kancane akeh sing ngedohi. Sajak ora gelem dicedhaki. Senengane krumpul-krumpul karo guneman pating klesik. Yen Sumi nyedhak banjur bubar.” (SUMI, 2017:70)

Jenenge pawongan urip mesthi nduweni pacoban saka Gusti Allah, nanging pacoban kasebut diwenehake gumantung kemampuane pawongane. Pacoban sing diwenehake Gusti Allah ora ngluwihi teka batas kemampuan manungsane. Gusti Allah kuwi adil, ora pilih-pilih nalika menehi pacoban. Sumi sing wis rumangssa ayem bisa nglunasi SPP lan bisa melu EBTA, banjur bapake wis metu saka pakunjaran ora ngerti yen bakal nrima masalah maneh. Dheweke ora ngerti prekara apa sing nyebabake didohi kanca-kancane. Sawise minggat nyang Surabaya, banjur mulih bisa nggawa dhuwit kanggo nglunasi SPP lan mbayar dhendhane bapake, malah rumangsa ora ayem. Kanca-kancane wadon ora gelem dicedhaki, dene kanca-kancane lanang malah padha nyatur.

### Diapusi Pawongan Liya

Miturut Vrij (2001), definisi sing pas ngenani tumindak ngapusi yaiku njajal samubarang sacara lisan kanggo mbentuk keyakinan saka wong liya, lan wong sing

ngandharake mangerteni apa sing diandharake kuwi ora pener. Sajrone tumindak ngapusi butuh pawongan loro utawa luwih sing kajibah minangka sing omong lan sing ngrungokake.

Sajrone novel *Sumi* ana ngapusi sing digunakake kanggo golek bathi saka wong liya. Mesthi wae tumindak ngapusi kuwi ngrugekake salah siji. Kayata bapake Sumi si Saidi sing dheweke diapusi mandhor Perhutani. Mandhor sing nduweni kalungguhan neng kono nduweni pangaribawa sing gedhe, mula anggane ngapusi bisa nuwuhake rasa percayane wong sing diapusi. Kalungguhan sing diduweni ndadekake paraga-paraga sajrone novel *Sumi* bisa nglakoni tumindak kaya kekarepane. Paraga-paraga kasebut nduweni pangaribawa tumrap paraga liyane. Andharan kasebut bakal diandharake ing kene:

“Kula mboten preduli! Sing genah dhipan niki bahane saking kajeng jati. Mangka kajeng jati niku gadhane Negara. Sing sapa adol kayu utawa barang saka kayu jati kudu ana layange. Mangka sampeyan boten gadhah layang. Ateges dhipan niki barang gelap!” (SUMI, 2017:10)

Sing lagi dialami Saidi kasebut, jalaran diapusi dening mandhor sing ana neng desane. Kanthi alesan yen dhipane kuwi mujudake barang gelap. Mula, dhipan kuwi kudu disita. Sejatine kekarepane mandhor kasebut nyita dhipan iku kepengin ngadol supaya oleh dhuwit tambahan. Sarehna Saidi iki pawongan ndesa sing ora nduweni kalungguhan lan gampang diapusi, mula saka kuwi kesempatane mandhor kasebut kanggo ngapusi Saidi. Akeh pawongan sing seneng manpaatake keluguan pawongan ndesa sing ora ngerti babakan hukum, jalaran dianggep yen pawongan ndesa sekolahe isih durung dhuwur, lan wis katon yen nyambut gawane kaya mangkono bakal kepenak kanggo diapusi. Tumindak kaya mangkono dudu tumindak sing becik, pawongan sing kaya mangkono nduweni sipat ora bisa adil, lan seneng tumindak sakarepe dhewe, ora bisa ngayomi pawongan liya.

## Upaya Kanggo Ngrampungsi Lara Lapa Sajrone Novel *Sumi*

Upaya-upaya sing dilakoni dening paraga sajrone novel *Sumi* ora siya-siya, salah siji upayane nuwuhake asil. Pancen yen pawongan sing lagi nandhang pacoban kudu bisa sabar, nriman lan eklas supaya mbesuke bakal pikantuk piwales sing luwih becik. Asil saka upayane yaiku kepethuk dulur, ditulung dulur lan disekolahake kanthi dhuwur. Panguripane sabanjure luwih kepenak tinimbang uripe sadurunge. Upaya kang ditindakake paraga kanggo ngrampungsi lara lapa lan asile upaya kasebut bakal dijlentrehake kaya mangkene.

### 1) Ngadol Dhipan

Dhipan mujudake samubarang sing dienggo turu. Bahan sing dienggo dhipan maneka-werna. Ana bahan sing tekan kayu jati, ana sing teka wesi, lan sapanunggal. Dhipan sing larang regane biyasane digawe saka kayu jati, amarga kayu kasebut wis kabukti awet lan ora gampang dhipangan rayap. Kaya dene dhipan sing diduweni dening Saidi. Dhipan kasebut diwehi saka kancane, nganti pirang-



pirang taun awet ora rusak. Saiki sarehna dheweke lagi butuh dhuwit kanggo nglunasi SPPne Sumi sing nunggak 3 wulan dalan siji-sijine ya mung ngadol dhipan. Andharan kasebut kabukti saka pethikan iki:

“Priye yen Sumi ora bisa melu ujian tenan, batine ngemu kuwatir. Banjur tolah-toleh, ora genah apa sing ditoleh. Eh ora njarag pandelenge natap dhipan sing dilungguhi. Ya dhipan sing saben bengi dituroni! Ujug-ujug mripate sumunar. Lambene mesem. Ngapa kok aku bodho temen. Dhipan iki rak bisa takijolne dhuwit! Dienggo gelis-gelisan nek limalas ewu genah kecekkel tanga. Wong dhipan kayu jati,-panglocitane batin.” (SUMI, 2017:06)

Niyate Saidi sesuk esuk, dhipan kayu jati iku arep digawa menyang pasar Karangtalun. Dijolne dhuwit, mumpung dinane Pon dina pasaran. Genah bakale payu. Dhipan kuwi biyen duweke Sukro. Sukro yaiku kancane sekolah biyen, dheweke menahi dhipan kuwi amarga wis nduwe dhipan sing anyar, tinimbang dhipan kuwi ora kanggo lan rusak mula dhipane diwenhake Saidi, supaya kancane kuwi nduweni panggon sing penak kanggo papan paturonan. Saliyane kuwi wujud dhipane isih apik. Modhele kaya dhipan duweke priyayi kutha. Kathik kayune jati tuwa, tanpa welon. Pliture uga sasat durung luntur. Mesthi bakale payu larang. Dheweke ora kepengin yen anake kudu metu sekolah.

## 2) Golek Utangan

Utang diandharake minangka pangurbanan *ekonomis* sing bakale tuwuh saka kewajiban mbayar utawa menahi jasa marang wong liya ing tembe dina, amarga anane transaksi utawa kedadean sing sadurunge kelakon (Mamduh. M. Hanafi, 2004 :29). Utang digunakake kanggo njangkepi kabutuhane, ana sing mbutuhake wragad kanggo sekolah lan sapanunggalane.

Kaya dene paraga sing ana sajrone novel *Sumi*. Paraga kasebut yaiku Saidi, sing lagi bingung golek utangan kanggo nyukupi kabutuhane. Utamane kanggo mbayar SPPe Sumi. Upaya iki dilakoni kanggo nyenengake anake, amarga kepengin meruhi anake lulus SMP lan nerusake sekolah keguruan. Andharan kasebut kabukti saka pethikan iki:

“Jane anu lho Sum. Takblaka ae ya. Isin-isin apa. Ngene ... abot-abote ditangisi anak. Anu ... ponakanmu Sumi ki rak wis klas telu es-em-pe ta. Malah wis arep ujian. Ning ya kuwi. Is melu ujian nek es-pe-pene wis lunas. Mangka Sumi nunggak nganti pirang pirang sasi...”

“...Pikiranku sumpeg Sum. Sidane aku nekat mrengse iki sirku anu... nek kowe duwe dhuwit mbok aku utang sepuluh ewu ae..” (SUMI, 2017:28)

Plong rasane atine Saidi wis medharake niyate menyang Suminah. Sum sajrone cuplikan teks kasebut dudu Sumi anake, nanging Suminah sadulure Saidi. Mung Suminah dulur cedak sing dinduweni. Mula saka kuwi, niyate sing kape pisan mara menyang omahe Suminah. Upayane kasebut durung nuwuhake asil. Amarga Suminah dhewe ora nduwe dhuwit. Dheweke uripe dhewe tanpa ana

bojone, mula uripe uga rekasa. Nyambut gawe dhewe, lan golek samubarang dhewe, ora ana sing ngancani.

## 3) Minggat

Mingat yaiku lunga ngeblas tanpa mredulekake apa wae. Bisa diarani yen minggat kuwi tumindak sing mlayu saka tanggung jawab, prekara sing dialami lan sapanunggalane. Nalika Sumi minggat kanggo golek pengaweyan, dheweke bisa ngrampungake prekara sing dialami. Lara lapa sing ditampa sithik mbaka sithik ilang ganti kabungahan. Urip kaluwargane sawise Sumi minggat rada kepenak. Saliyane kuwi uga bisa nggayuh cita-cita sing dikarepake. Nalika minggat Sumi ketemu pawongan sing jenenge Darmanto.

Darmanto kuwi ora liya uga isih pakdhene. Nanging kawitan ketemu isih durung ngerti yen Darmanto lan Sumi isih sedulur. Priya kasebut uga seneng tetulung lan ikhlas nulung uwong. Mula saka kuwi Sumi ditulung nganti uripe lan keluwigane tentrem, anane mung bungah. Kuwi mujudake asile saka tumindak sing sabar lan nriman lelakon urip sing wis ditulis dening Gusti. Asil-asile saka minggat bisa kaandharake ing cuplikan iki:

“Dhik, nek lungamu iki ora nduwe tujuwan maton, kowe aluwung melu aku bae. Neng terminal ngarep kana mengko aku mudhun. Omahku ing Mojokerto kene kok. Tinimbang bablas menyang Surabaya, mangka durung karuwan sing dituju. Cilike kesasar-sasar, gedhene bisa nemu cilaka.” (SUMI, 2017:42)

Cuplikan kasebut ngandharake kawitan Darmanto lan Sumi ketemu. Darmanto nduweni niat becik. Dheweke nulung Sumi amarga mesakake yen nganti kesasar. Surabaya kuwi kutha gedhe, saliyan kuwi Sumi dhewe ora ngerti arep tumuju dhaerah ngendi. Wong wadon mlaku dhewe neng Surabaya bisa nuwuhake tumindak kekerasan. Priya kasebut nyoba nyethakake kahanane Surabaya menyang bocah wadon kasebut. Tinimbang menyang Surabaya, luwih kepenak melu dheweke menyang Mojokerto. Kekarepane, Sumi dikongkon kerja melu dheweke wae.

## Gayutane Lara Lapa Sajrone Novel *Sumi* Karo Realitas Sosial Sajrone Bebrayan

Pangripta anggone nggawe crita ora kliwat saka kahanan bebrayan sing ana ing sakiwa tengene. Ana crita nyata sing ndadekake *inspirasi*, saengga bisa dituwuhake awujud novel Sumi kasebut. Sajrone bab iki kang bakal dirembug ngenani kahanane lara lapa sajrone bebrayan sanyatanane.

### 1) Durung Bisa Mbayar SPP

SPP yaiku *Sumbangan Pembinaan* Pendhidhikan. SPP nduweni tujuwan kanggo mbiyantu proses pasinaon. Dhuwit kang dibayarake wis ditemtokake dening sekolahan (Hamdan, Isa. 2013. <http://softwarespp.com/pengertian-spp-sekolah-terlengkap/>). Saben pawongan mesthi kepengin sekolah, supaya pinter, lan nyenengake wong tuwa. Andharan kasebut bakal dijlentrehake ana ing ngisor iki:

“Ayu Mentari, siswi kelas X SMA Negeri 3 Peranap ora bisa melu ujian sekolah amarga ora

nduwe dhuwit Rp300 ewu kanggo mbayar SPP wulan Mei lan Juni 2018. Wong tuwane Ayu, Esron uga ngendhikan yen dheweke ora nduwe dhuwit kanggo mbayar SPPne anake. Esron Situmorang nyeritakake kedadeyan sing dialami Ayu nalika ora bisa melu ujian neng sekolahan. "kula dicritani Ayu kala wingi yen dheweke ora bisa melu ujian amarga durung mbayar SPP, wiwitane dheweke wedi arep crita, amarga dikira kula mboten saged nglunasi SPPne" ujare, Selasa (22/5/2018). Ngrungokake critane anake kuwi, Esron banjur takon menyang bendahara sekolah. Bendahara sekolah uga ngendhikan yen wong tuwane siswa gage nglunasi dhuwit SPP sing nunggak rong wulan. Saka andharan kasebut nudohake kebijakane kepala sekolah. Esron sing ora nduwe penggawean mikir kepriye carane kanggo bisa ngasilake dhuwit saora-orane bisa nyicil satus seket ewu kanggo mbayar SPP ne Ayu sesasi." (<http://pekanbaru.tribunnews.com/2018/05/22/tidak-bisa-bayar-spp-dua-bulan-siswi-sma-3-diperanap-tak-bisa-ikut-ujian?page=2>)

Prakara ekonomi bisa dialami sapa wae, saben pawongan nate ngrasakake kahanan ekonomi sing kurang. Kayadene sing dialami dening keluargane Esron, dheweke ora bisa nglunasi SPPne Ayu Mentari, sing wis nunggak rong wulan. Esron dhewe uga ora nyambut gawe, mula saka kuwi SPPne anake nganti nunggak wiwit wulan mei nganti wulan Juni. Saliyane kuwi yen SPPne Ayu Mentari durung lunas, anake kuwi ora bisa melu ulangan. Esron sing ngerteni kahanan kaya mangkono saka critane Ayu mentari, dheweke banjur mara menyang sekolahan kanggo nggenahake prekara SPP. Kawitane Ayu mentari ora gelem crita, dheweke rumangsa mesakake bapake sing ora nyambut gawe, nanging ditagih SPP 300 (telungatus ewu), nanging sawise diwenahi wejangan marang Bapake, Ayu Mentari gelem blaka suta. Sawise Esron menyang sekolahan, dheweke dicethakake dening salah sawijine pihak sekolah, yen kahanan ora bisa melu ujian mujudake kebijakan saka Kepala Sekolah. Pihak sekolah uga menehi *toleransi* menyang Esron, saora-orane dheweke isa nglunasi SPP sewulan wae Esron bisa melu ulangan. Dadi Esron kudu bisa mbayar 150 (satus seket ewu) supaya anake bisa melu ujian.

## 2) Dikunjara

Salah sawijine tumindak sing ndadekake dikunjara yaiku tumindak main hakim *sendiri*. Tumindak kasebut dianggep nyalahi aturane hukum, jalaran yen ana pawongan sing salah lan nglanggar aturan negara utawa liyane kudune diserahake menyang *pihak berwajib*, ora njur diantemi sekarepe dhewe. Tumindak *main hakim sendiri* kuwi ora mung ning karya sastra, nanging ana neng kahanan bebrayan sanyatane. kayadene pethikan warta saka artikel iki:

"Tumindak sakarepe dhewe utawa *main hakim sendiri* dialami dening bocah cilik lagi wae kedaden ing kutha Makasar. Siswa kelas 1 ing SMKN kutha Makasar iki dadi korban *main hakim sendiri* sawise nyenggol montor, lan

nyebabake kaca spione rusak. Saengga, wajah, irung lan lambene biru-biru amarga diantemi dening pawongan sing nduwe montor kasebut. Sejtine ora pantes yen ana bocah diantemi mung amarga perkara sepele. Sikape supir sing ngantemi bocah kasebut dinilei ora tanggungjawab, amarga dheweke langsung mlayu sawise ngantemi siswa neng pinggir dalan." (<http://www.ganto.co/artikel/712/hakim-jalanan.html>)

Agama Islam nglarang tumindak *main hakim sendiri*, amarga kuwi mujudake tumindak sing ala. Kaya dene firman Gusti Allah neng Al-quran surat Al-Maidah ayat 8 (wolu), sing nduweni teges "*Hai orang-orang yang beriman! Jadilah kamu penegak keadilan, sebagai saksi-saksi karena Allah, dan janganlah kebencian orang kepadamu membuat kamu berlaku tidak adil. Berlakulah adil. Itu lebih dekat kepada takwa. Dan bertakwalah kepada Allah. Allah maha tahu apa yang kamu kerjakan.*" tumindak sing dilakoni dening pawongan kasebut sing main hakim dhewe mujudake tumindak sing ala, apa maneh bocah sing diantem kuwi isih cilik. Perkarane uga mung perkara sepele, sebab pawongan kuwi ngantemi bocah sing isih sekolah SMK merga nyenggol kaca spion motore. Saliyane kuwi tumindake pawongan kasebut ora tanggung jawab, sawise ngantemi bocah SMK kuwi mau, pawongan kasebut langsung ngalih.

## 3) Difitenah

Fitnah tegese penisbatan utawa tuduhan sing ora bener marang wong liya, pawongan sing dituduh kasebut ora nglakoni tumindak sing dituduhake. Tujuwane fitnah kanggo ngelek-ngelek pawongan liya.

Pancen Gusti menehi pacoban urip menyang manungsa kanggo ngukur sepira kuwate iman manungsa menyang Gusti. Nalika pawongan kasebut bisa nglakoni pacoban kasebut kanthi sabar bakal pikantuk kanugrahang Gusti. Salah sawijine panandhang sing dialami saperangan manungsa yaiku fitnah. Andharan kasebut kabukti saka pethikan iki:

"...Kita nduweni kaputusan kanggo nikah siri, supaya ora disebut zina, amarga statuse kita mung nikah siri, dadi durung akeh pawongan sing ngerti yen kita pasangan sing sah. Kanggo ngindari fitnah ing masyarakat, bojoku manggen ana ing omah kontrakan, dene aku isih melu wong tuwa. Mulih nyambut gawe langsung menyah omah kontrakan, yen wis bengi lagi bali menyang omahe wong tuwa. Kahanan kuwi ndadekake masyarakat sekitar mikir sing ora-ora, kepeksa bojoku tak boyong menyang omahe wong tuwa lan njlentrehne yen ak wis rabi. Kamangka pindah omah ya oa ngrampungni perkarane, jalaran bojoku isih kalebu pelajar, kanca-kancane neng sekolahan padha mikir negatif marang bojoku, fitnah sing kejem. Amarga ora kuwat karo kahanan ing sekolah sing kaya ngono, bojoku njaluk mandheg anggane sekolah supaya ora krungu unen-unen sssing elek. Metu tekan sekolah malah nambahi annae fitnah. Ana unene-unen yen



sing njalari bojoku metu tekan sekolah yaiku meteng sajabane oamah-omah. Abot rasane nandhang fitnah siji ketekan fitnah liyane. Karepe ati adoh tekan zina malah ketekan fitnah.”([http://elontong.blogspot.com/2013/03/renungan-cerita-sakitnya-hidup-di-fitnah\\_21.html](http://elontong.blogspot.com/2013/03/renungan-cerita-sakitnya-hidup-di-fitnah_21.html))

Fitenah pancen luwih kejam tinimbang pembunuhan. Ora saithik pawongan sing wis nate ngrasakake difitenah. Kaya dene sing dialami dening priya sajrone cuplikan artikel kasebut. Sing difitenah ora mung dheweke nanging uga bojone. Bener yen pawongan saiki luwih seneng warta sing *negative* tinimbang warta sing *positif*. Kabukti saka tumindak priya kasebut sing kepengin nuntasake fitenah sing dialami, nanging para warga ora ana sing percaya. Kekarepane kepengin mentas saka fitenah kumpul kebo, nanging malah tuwuh fitenah anyar yaiku meteng dhisik sadurunge rabi. Kamangka kahanan kasebut ndadekake prustasi. Wis nyoba saperangan cara lan njlentrehake kahanan sanyata yen dheweke wis nikah nanging tetep wae ora bisa nuntasake pandhangane bebrayan.

## **PANUTUP**

### **Dudutan**

Saka andharan bab IV kang wis dijlentrehake bisa didudut manawa novel *Sumi* anggitane Tiwiek SA ngandharake ngenani kahanane lara lapa kaya dene durung mbisa mbayar SPP, banjur dikunjara, lan arep dirudapeksa. Durung mbayar SPP amarga dijajari saka faktor ekonomi, ekonomi sajrone keluarga Sumi sarwa kekurangan, dikunjara amarga tumindak *main hakim sendiri*, lan amarga kesalahane sing sepele dimanfaatake dening pawongan liya, kekarepane pawongan kasebut ngunjarakake bapak Sumi, supaya kepenak anggone ngepek mantu Sumi.

Panyebab lara lapa sing ditampa dening keluargane Sumi ana faktor dhiri pribadi, lan faktor sosial. Faktor saka dhiri pribadi bisa kawujudake saka sikape paraga. Sajrone novel Sumi sikape paraga yaiku tumindka *main hakim sendiri*, mula saka kuwi nuwuhake lara lapa neng uripe. Saka tumindak kuwi mau ndadekake paraga Saidi dikunjara. Banjur bisa kawujudake saka faktor pendhidhikan sajrone novel Sumi iki ngandharake pendhidhikane wong tuwane Sumi, Bapak Sumi nalika sekolah ora lulus, mula saka kuwi ndadekake dheweke gampang diapusi dening pawongan liya, saengga uripe dadi apes. Saliyane kuwi pendhidhikan sing rendah uga ndadekake keluargane Sumi ora bisa cekel gawe sing kepenak. Mula saka kuwi pendhidhikan kaleb faktor saka dhiri pribadi, sing ateges dhiri pribadine paraga sing ora kepengin sekolah nganti dhuwur supaya uripe kepenak.

Faktor panyengkuyung saka faktor dhiri pribadi bisa uga saka ekonomi. Ekonomi mujudake faktor utama kanggo kalancaran panguripane pawongan, yen ekonomine kurang uripe bakal susah. Kaya dene ekonomi keluargane Sumi, saben dina gawe mangan wae bingung, apa maneh kanggo nglunasi SPPne Sumi sing wis nunggak telung wulan. Wedhus-wedhus sing biyen dinduweni uga wis kadol kanggo wragat Sumi sekolah, sing pungkasan banjur ngadol dhipan kanggo nglunasi SPPne Sumi sing nunggak pirang-pirang wulan. Nanging bapak Sumi isih tetep ngupaya supaya ekonomi keluargane lancar.

Faktor panyebab lara lapa sing pungkasan yaiku faktor sosial. Faktor sosial mesthi disebabake dening pawongan liya. Katentreman urip bisa diwiwiti saka lingkungan, saka masyarakat sing ana ing sakupenge. Panyengkuyung faktor sosial sajrone novel Sumi bisa kawujud saka difitnah lan diapusi wong liya. Difitnah tumindak zina, lan diapusi pawongan liya amarga paraga sajrone novel Sumi isih katon lugu, lan ora ngerti babagan hukum.

Upayane kanggo nuntasake panandhang lara lapa sajrone novel Sumi kanthi cara ngadol dhipan, golek utangan lan minggat. Upayane kasebut nuwuhake asil sing mbungahake, yaiku Sumi bisa melu ujian EBTA, cita-citane pengin dadi guru SD bakal kelakon, Bapak lan Simboke bisa urip tentrem amarga kepethuk dulur sing gati marang keluargane, lan gelem nragati Sumi, saliyan kuwi nganggep Bapak lan Simboke Sumi kaya wong tuwane dhewe, mula gampang menehi dhuwit, lan bandhani kabutuhane.

Novel *Sumi* katintingi nganggo tintingan sosiologi sastra lan Watt. Pangripta sajrone ngripta novel kasebut ora uwal saka gegambaran panguripane bebrayan sanyatane. Kahanan lara lapa akeh ditemoni sajrone kanyatan sosial, nanging ora kabeh panandhang kasebut katudohake marang pawongan liya. Biyasane milih diadhepi dhewe. Kamangka yen diomongake menyang pawongan liya bisa dadi bahan rerasan tangga-tangga.

Upaya-upaya sing dilakoni kanggo nuntasake lara lapa dening Sumi bisa didadekake kaca benggala tumrap kedadeyan ing urip sanyatane. Dadi, ora bisa mokal maneh, sejatine ing karya sastra pancen kajupuk saka kedadeyan nyata bebrayan sakupenge.

## **Pamrayoga**

Novel *Sumi* anggitane Tiwiek SA iki ngandhut pesen kang becik tumrap kabeh pamaos. Pesen kang kinandhut yaiku manungsa kudu nduweni sipat toleransi, legawa, sabar lan kudu bisa nrima kahanan apa wae. Kamangka saben manungsa sing bisa nglakoni pacoban kanthi becik bakal pikantuk piwales saka Gusti kanthi becik uga. Saliyane kuwi kabeh tumindak sing bakal dilakoni dening manungsa kudu dilakoni kanthi ngati-ngati lan kudu dipikir kanthi becik. Pesen kasebut kaajab bisa menehi tuladha lan panggulawenthah kang becik. Lumantar panliten iki, uga kaajab bisa nyengkuyung pangrembakane sastra ing jagade kasusastran Jawa Modern.

Tumrap pamaos panliten iki kaajab bisa dadi sawijining dalan kanggo mangerteni sastra Jawa Modern lan uga ngundhakake daya *kretifitas* kanggo ngapresiasi karya sastra. Panliten iki mung nyuguhake saperangan tafsiran lan tintingan marang crita fiksi arupa novel, dene panliten iki dudu sawijine panliten kang kaanggep paling sampurna. Anggone nyerat asile panliten ana saperangan tetmbungan utawa liyane kang luput. Kajaba kuwi ing ngalam ndonya ora ana kang sampurna saliyan Gusti Pangeran. Kaajab marang panliten sabanjure bisa luwih sampurna lan luwih becik tinimbang panliten sadurunge.

## KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 2004. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
- Damono, Supardi Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra Sebagai Pengantar Ringkas*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Endraswara, Suwardi . 2013. *Metode Penelitian Psikologi Sastra Teori, Langkah dan Penerapannya*. Yogyakarta: Med Press.
- Faruk. 2015. *Pengantar Sosiologi Sastra dan Strukturalisme Genetik sampai Post-Modernisme*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1997. *Telaah Kasusastran Jawa Modern*. Surabaya: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Indonesia.
- Kurniawan, Heru. 2012. *Teori, Metode, dan Aplikasi Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Latifa, Rena. (2010). *Gambaran Dishonesty pada Mahasiswa: Academic Dishonesty, Relationship Dishonesty, Money Dishonesty, dan Intensi Berbohong dalam Kehidupan Sehari-hari*. Preliminary Studies.
- Moeloeng, Lexy J. 2012. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Penerbit Remaja Rosdakarya.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Paradigma Sosial Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- . 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Roli Abd. Rahman. 2008. *Menjaga Akidah dan Akhlak*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Ross, E. Kubler. 1969. *On Death and Dying*, 40th anniversary edition.
- Semi, Atar. 1989. *Kritik Sastra*. Bandung: Angkasa
- Siswanto. 2005. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Soekanto, Soerjono. 1994. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Sudaryanto, dkk. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa DIY.
- Sofia, Adib. 2009. *Aplikasi Kritik Sastra Feminis*. Yogyakarta: Citra Pustaka.
- Sugiyono. 2013. *Metode Penelitian Pendidikan (Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R & D)*. Bandung: Alfabeta.
- Sunarto, Kamanto. 2011. *Sosiologi The Basics*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Suwarno, Adi. 2017. *Sumi*. Yogyakarta: Penerbit Azzagrafika.
- Teeuw, Andries. 2013. *Sastra dan Ilmu Sastra; Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Waluyo, Herman J. 2011. *Apresiasi Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Wellek lan Werren. 1995. *Teori Kasusastran (Indonesia oleh Melani Budianta)*. Jakarta: Gramedia.

## Sumber Internet:

- Fadillah, Dian. 2014. *Pemeriksaan Dalam Perspektif Hukum Islam*, (online). (<http://dhieyanhrp30.blogspot.com/2014/01/pemeriksaan-dalam-perspektif-hukum-islam.html>)
- Hamdan, Isa. 2016. *Pengertian Pendidikan*, (online). (<http://digilib.unila.ac.id/>, diakses tanggal 20 Juni 2018)
- Isma'il, Abu. 2013. *Kiat Bertahan Hidup Di Masa Sulit*, (online). (<https://almanhaj.or.id/3469-kiat-bertahan-hidup-di-masa-sulit.html>, diakses tanggal 08 Juni 2018).
- Imron, Ali. 2016. *Pengertian Masalah Sosial, Faktor dan Contohnya* (online). (<http://definisipengertian.net/pengertian-masalah-sosial-faktor-dan-contohnya/>, diakses tanggal 25 Juni 2018)
- Maulanisa, Rahmi. 2013. *Pengertian Anak*, (online). (<http://amiie23new.blogspot.co.id/2013/10/pengertian-anak.html>, diakses tanggal 20 Juni 2018)
- Subandriyo, Steffie. 2014. *Menerima Setiap Cobaan Hidup dengan Tabah*, (online). (<https://keluarga.com/1775/menerima-setiap-cobaan-hidup-dengan-tabah>, diakses tanggal 09 Juni 2018).
- (<https://en.wikipedia.org/wiki/Suffering> diakses tanggal 21 Oktober 2017).
- (<http://www.artikelsiana.com/2015/08/pengertian-pendidikan-tujuan-manfaat.html>).
- (<http://www.omteloletblog.com/2017/cerita-perjalanan-hidup-saya-dari-dulu.html>)



([http://www.elontong.blogspot.com/2013/03/renungan-cerita-sakitnya-hidup-di-fitnah\\_21.html](http://www.elontong.blogspot.com/2013/03/renungan-cerita-sakitnya-hidup-di-fitnah_21.html))

(<http://danisaturia.blogspot.com/2013/03/definisi-penjara.html>)

